# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–18 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु लोकसभा में कहलें कि प्रयागराज में आयोजित महाकुंभ उभरत भारत के भावना के प्रतिबिंबित कइले हौ अउर पूरा दुनिया देस के सक्ति के देखलस हौ। विविधता में एकता भारत क बिसेसता हौ, जेहके हाले में सम्पन्न महाकुंभ के दौरान अनुभव कइल गइल। महाकुंभ पर सदन में आपन बाति रक्खत श्री मोदी कहलें कि जब पूरा दुनिया चुनौतीपूर्ण समय से गुजर रहलि हौ। येह एकता क भव्य परदरसन देस क सबसे बड़हन ताकति हौ। उहां के विविधता में एकता के येह बिसेससता के समृद्ध कइले के जरूरति पर जोर दिहलीं।

**अनेकता में एकता भारत की विशेषता है, ये हम हमेशा कहते आए हैं, ये हमने हमेशा महसूस किया है और इसी के विराट रूप का अनुभव हमने प्रयागराज महाकुंभ में किया है। हमारा दायित्व है कि अनेकता में एकता की इसी विशेषता को हम निरंतर समृद्ध करते रहे।**

प्रधानमंत्री अपने सम्बोधन में जल संरक्षण के महातम पर रोसनी डरलें। उहां के कुंभ से प्रेरणा ले के देस के कई नदियन के खतरा से बचवले क अपीलि कइलीं।

**महाकुंभ से हमें अनेक प्रेरणाएं भी मिली हैं। हमारे देश में इतनी सारी छोटी बड़ी नदियां हैं, कई नदियां ऐसी हैं, जिन पर संकट भी आ रहा है। कुंभ से प्रेरणा लेते हुए हमें नदी उत्सव की परंपरा को नया विस्तार देना होगा।**

प्रधानमंत्री कहलें कि महाकुंभ क इतिहासिक आयोजन भारत के क्षमता के बारे में कुछु लोगिन मे अनेसा के दूर कइ दिहले हौ। ई आयोजन देसवासियन के बहुत प्रेरणा दिहले हौ काहें से कि एकर अगुआई लोगि खुदे कइले रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रयागराज महाकुंभ पर प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी की ओरि से सदन में रक्खल गइल बिचारन के ले के आभार जतवले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये प्रधानमंत्री के उद्बोधन क वीडियो साझा करत मुख्यमंत्री महाकुंभ से जुड़ल सज्जो लोगिन कै अभिनंदन कइले हवें। श्री योगी कहले हवें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के यसस्वी मार्गदरसन में पूरा भइल एकता क महायज्ञ महाकुंभ दुइ हजार पचीस कै स्वच्छ, सुरक्षित, सुव्यवस्थित अउर इतिहासिक आयोजन 'एक भारत श्रेष्ठ भारत– सर्वसमावेसी भारत' के सथहीं 'वसुधैव कुटुम्बकम' क आत्मीय सनेसा पूरा दुनिया के दिहले हौ।

**********

प्रदेस कै राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु कुशीनगर दौरा पर पहुंचलिनि। एगो आयोजन के दौरान राज्यपाल आंगनबाड़ी किट, जमीनि पट्टा, एक जिला एक उत्पाद–ओडीओपी योजना क टूल किट, स्वयं सहायता समूह क महिला लोगिन के प्रसस्ति पत्र, सफाईकरमियन के स्वच्छता किट अउर पात्र लाभारथियन के टैबलेट आ आयुष्मान कार्ड बंटलिनि। उहां के अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के कई गो योजना क समीक्षा कइलीं अउर कलेक्ट्रेट परिसर में लागल परदरसनी क अवलोकनों कइलीं। केन्द्र अउर प्रदेस सरकार क कई गो योजना क सराहना करत राज्यपाल लइकन के सिक्षा पर खास जोर दिहलिनि। उहां के कहलिनि कि लइकन के सिक्षिते कइ के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के विकसित भारत क सपना के सकार कइल जा सके ला।

**********

प्रदेस सरकार आजु राज्य के बासठ औद्योगिक प्रसिक्षण संस्थान आईटीआई के तकनीकि उन्नयन बदे टाटा टेक्नोलॉजी लिमिटेड के साथे अनुबंध कइलस। लखनऊ के आईटीआई परिसर में आयोजित अनुबंध कार्यक्रम में प्रदेस सरकार क व्यावसायिक सिक्षा, कौसल विकास अउर उद्यमसीलता राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार कपिलदेव अग्रवाल मौजूद रहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि येह अनुबंध से प्रदेस कै नौजवान लाभ पइहें। उनके बदे रोजिगार क मौका बढ़ी।

**********

रेलवे पछिला दस बरिस में पांच लाख नोकरी दिहले हौ अउर एक लाख से बेसी नोकरी बदे भरती प्रक्रिया चलि रहलि हौ। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि भारतीय रेलवे अच्छा वित्तीय हालति में बा अउर सरकार एके अउरियो बेहतर बनावे बदे कार कइ रहलि हौ। श्री वैष्णव रेल मंत्रालय के कामकाज पर लोकसभा में चरचा क जबाब देत आजु ई बाति कहलें।

**********

अजोध्या में रामनउमी के तिउहार के लेके खास तइयारी कइल जा रहल हौ। येही क्रम में श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट श्रीरामलला के जनमोत्सव क कार्यक्रम जारी कइले हौ। ट्रस्ट के मोताबिक रामनउमी क तिउहार छौ अपरैल के रिवाज के मोताबिक मनावल जाई। येह मौका पर श्रीरामलला क पूजा–अर्चना के साथे–साथे सूर्य तिलक के जरिये से उनकर अभिषेक कइल जाई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग बीस मार्च से लगतारे तीनि दिन ले पूरबी उत्तर प्रदेस में कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग येह दौरान बज्रपातो क चेतावनी दिहले बा। मौसम विज्ञान विभाग के हिसाबि से बीस अउर बाइस मार्च के तीस से चालीस किलोमीटर प्रति घंटा के रफ्तार से, जबकि एक्कइस मार्च के चालीस से पचास किलोमीटर प्रति घंटा के तेज गति से झोंकेदार बेयारि चलले क सम्भावना हौ।

**********